

Kisa pou Atann Apre Aplikasyon Nan FEMA

Release Date: Oct 8, 2024

Kenbe etap enpòtan sa yo nan tèt ou nan pwosesis asistans FEMA a:

Pa tann pou kòmanse netwaye. Fè foto tout dega yo, fè lis pèt ou yo epi kenbe tout resi yo pou verifye depans katastwòf la lakòz yo.

Depoze yon demann asirans. Demandè yo ki asire pou domaj katastwòf yo lakòz yo nan abitasyon yo dwe founi yon règleman asirans oswa dokiman ki lye ak prestasyon FEMA a avan pou benefisyé èd federal la.

Aplike nan FEMA Pwopriyetè yo ak lokatè nan depatman North Carolina a ki te sibi domaj ki pa asire oswa sou asire yo tanpèt twonpikal Helene nan lakozi, yo ankouraje yo pou mande èd nan men FEMA nan ka katastwòf. Ale anliy sou [DisasterAssistance.gov](#), itilize aplikasyon mobil [FEMA a](#) oswa rele nan 800-621-3362. Si w ap itilize sèvis relè yo tankou sèvis relè vidéyo, sèvis telefòn kapsyonne oswa lòt yo, bay FEMA nimewo ou pou sèvis sa.

Pwograme enspeksyon lakay ou. Apre ou aplike, yon enspektè FEMA pral kontakte ou pou pwograme yon randevou. Asire ou pou reponn telefòn lan. Nimewo telefòn enspektè a kapab soti deyò eta a oswa ID moun ki rele a afiche kòm “unavailable.” Pandan pwosesis pwogramasyon an, ou kapab tou endike si ou bezwen yon amenajman rezonab. Sèvis yo tankou tradiksyon ak entèprèt ASL disponib pou asire yon komunikasyon efikas avèk sivivan yo.

Rasanble enfòmasyon yo pou enspeksyon an. Prepare ou pou montre enspektè a yon pyès idantite avèk foto; [yon prèv pwopriyete oswa okipasyon](#); yon lis okipan menaj k ap viv nan kay la nan moman katastwòf la, tout domaj katastwòf la lakozi nan pwopriyete a ak polis asirans ou an. Si ou gen foto domaj katastwòf la oswa resi reparasyon yo, gen sa yo disponib tou.

Rankontre ak enspektè a. Enspeksyon an enkli egzamen pati zòn lakay ou an ki andomaje pa katastwòf la ak egzamen dosye ou yo. Enspektè FEMA yo ap gen yon foto idantite ofisyèl epi pa pral janm mande ou enfòmasyon bankè ou. Yo pa



FEMA

Page 1 of 3

pral janm mande ou lajan epi p ap janm oblige ou peye sou okenn fòm.

Apre arive a, enspekstè a pral mande pou verifye non aplikan an, adrès, enfòmasyon kontak, okipasyon, estati pwopriyetè a ak kouvèti asirans.

Apre enspeksyon an. Ou pral resevwa yon lèt k ap esplike desizyon elijibilite FEMA a nan 10 jou apre vizit enspektè a. Asire w li byen; li kapab esplike etap adisyonèl yo w ap bezwen yo pou kontinye pwosesis la. Si ou gen dwa ak yon èd, ou kapab resevwa yon chèk Trezò ameriken oswa yon depo dirèk selon sa ou te chwazi pandan demann ou an.

Graphic



FEMA

Page 2 of 3

AK KISA POU W ATANN OU APRÈ W FIN APLIKE POU ÈD FEMA



Yon enspektè FEMA ka rele w pou fikse yon lè ak yon dat pou fè enspeksyon an nan adrès kay ki andomaje a. Asire w ou genyen nimewo aplikasyon w lan disponib.



PANDAN
ENSPEKSYON AN

Enspektè yo ap...

- Respekte prensip distans sosyal yo,
- Montre w enfòmasyon idantifikasyon yo,
- Mande pou wè yon foto idantite,
- Mande pou wè dokiman pou verifye pwopriyetè kay la oswa lokasyon an si FEMA pa t kapab verifye sa,
- Mache anndan ak deyò kay la si sa posib,
- Dokiman andomaje.

Enspektè yo p ap...

- Deside si w ap resevwa asistans,
- Mande lajan, enfòmasyon sou kont labank, oswa enfòmasyon sou kat kredi.

PREPARE
OU
POU...

Gen nimewo aplikasyon FEMA ou a toupre w,

- Montre yon pyès idantite ki gen foto w,
- Montre prèv pwopriyetè oswa lokasyon si enspektè a mande sa,
- Fè lis tout moun ki rete nan kay la nan moman katastwòf la,
- Diskite sou domaj katastwòf la koze nan kay ou ak byen pèsonèl ou,
- Montre kontra aspirans ou ak nenpòt lòt dokiman enspektè a mande.



FEMA

Page 3 of 3